# ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ХАЛЫҚ БИЛИМЛЕНДИРИЎ МИНИСТРИНИҢ БУЙРЫҒЫ

**Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетиниң 2021-жыл 19-майдағы "Шет тиллерин үйрениўди ен жайдырыўды нәтийжели шөлкемлестириў ис-илажлары ҳаққында"ғы 312-санлы қарарының орынланыўын тәмийинлеў ҳаққында**

Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2021-жыл 19-майдағы "Өзбекстан Республикасында шет тиллерин үйрениўди ен жайдырыў хызметин сыпат жағынан жаңа басқышқа алып шығыў ис-илажлары ҳаққында"ғы ПҚ-5117-санлы қарарына муўапық, сондай-ақ, ше тиллерин үйрениўди ен жайдырыў, шөлкемлестириў ис-илажларын әмелге асырыў, Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетиниң 2021-жыл 19-майдағы "Шет тиллерин үйрениўди ен жайдырыўды нәтийжели шөлкемлестириў ис-илажлары ҳаққында"ғы 312-санлы қарары ҳәмде Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң 2021-жыл 25-майдағы 170-санлы қарарларының орынланыўын тәмийинлеў максетинде **буйыраман:**

1. Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетиниң 2021-жыл 19-майдағы "Шет тиллерин үйрениўди ен жайдырыўды нәтийжели шөлкемлестириў ис-илажлары ҳаққында"ғы 312-санлы қарары ҳәмде Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң 2021-жыл 25-майдағы 170-санлы қарарлары басшылыққа алынсын ҳәм орынланыўы тәмийинленсин.

2. Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетиниң усы қарары менен:

а) Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2021-жыл 19-майдағы "Өзбекстан Республикасында шет тиллерин үйрениўди ен жайдырыў хызметин сыпат жағынан жаңа басқышқа алып шығыў ис-илажлары ҳаққында"ғы ПҚ-5117-санлы қарарынын:

1-бәнтине муўапық Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинети жанында Шет тиллерин үйрениўди ен жайдырыў агентлиги (кейинги орынларда - Агентлик) ҳәмде Агентликтиң Қарақалпақстан Республикасы, ўәлаятлар ҳәм Ташкент қаласындағы аймақлық лаўазымлары шөлкемлестрилгенлиги;

2-бәнтине муўапық Агентлик ҳәм оның ўәкиллери Өзбекстан мәмлекетлик жәҳән тиллери университети жанындағы Шет тиллерин оқытыўдың инновацион методикаларын раўажландырыў республика илимий-әмелий орайының 34 штат бирлиги, Халық билимлендириў министрлиги ҳәмде Жоқары ҳәм орта арнаўлы билимлендириў министрлигиниң 39 штат бирлиги есабынан шөлкемлестирилгенлиги мағлыўмат ушын қабыл етилгенлиги;

б) Агентлик:

мәмлекет органлары ҳәм шөлкемлери, жергиликли ижра ҳәкимият органлары ҳәм мәмлекетлик билимлендириў мәкемелериниң шет тиллерин оқытыўды ен жайдырыў ҳаққындағы хызметин муўапықластырыўы;

шет елли ҳәмде жергиликли бирге ислесиўшилер менен байланыс орнатып, олардың финанслық, шөлкемлестириўши ҳәм методикалық көмегин мәмлекетте шет тиллерин үйрениўди ен жайдырыўға қамтып алыўды шөлкемлестириў;

министрлик ҳәмде шөлкемлер менен биргеликте мәмлекетлик хызметкелердиң кәсиплик хызметин шет тиллерде әмелге асырыў имканиятын бериўши методикаларды ислеп шығып, әмелиятка енгизиў;

талап жоқары болған keминде он шет тилин үйрениўди ен жайдырыў бойынша комплекс ис-илажларды белгилеўи;

шет тиллери пәни муғаллимлери ушын кәнигелик талаплары ҳәм баҳалаў критерияларын ислеп шығыў ҳәмде оларға кәнигелик категорияларын бериў процесин жәриялылық принциплери тийкарында шөлкемлестириў;

Министрлер Кабинети жанындағы Билимлендириў сыпатын қадағалаў мәмлекетлик инспекциясы менен биргеликте шет тиллерин билиў дәрежесин белгилеўши миллий ҳәм халықаралык тән алынған сертификатлардың дәрежелери ортасында муўапықлықты тастыйықлаў белгиленгенлиги;

в) Агентликтиң аймақлық ўәкиллери Мәмлекетлик бюджет қаржылары есабынан қаржыландырылыўы ҳәмде олардың хызметин шөлкемлестириў ҳәм материаллык-техникалық жақтан тәмийинлеў Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси, ўәлаятлар ҳәм Ташкент қаласы ҳәкимликлери тәрепинен әмелге асырылатуғынлығы белгиленгенлиги;

г) Агентлик жанында билимлендириў мәкемелериниң шет тиллери пәни муғаллимлериниң кәнигелигин арттырыў бойынша мобиль топарлар шөлкемлестирилгенлиги;

Бунда, Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси ўәлаятлар ҳәм Ташкент қаласы ҳәкимликлерине мобиль топарларға билимлендириў процесин орынларда шөлкемлестириўи ушын Агентлик пенен келисилген ҳалда автотранспорт қуралларын (микроавтобус) турақлы түрде бириктирип, оларды эксплуатация етиў менен байланыслы барлық кәрежетлердиң қапланыўын тәмийинлеў тапсырылғанлығы;

д) шет тиллерин оқытыўға кәнигелестирилген мектеплер шөлкемлестирилетуғын улыўма орта билимлендириў мәкемелери ҳәмде оларға бириктирилип атырған жоқары оқыў орынлары дизими 1-қосымшаға муўапық;

2021-жылда шет тиллерин оқытыўға кәнигелестирилген мектеплерди техникалық үскенелер менен үскенелеў дәстүри 2-қосымшаға муўапық тастыйықланғанлығы;

Бунда, усы қарардың 2-қосымшасында көрсетилген мектеплерди техникалық үскенелер менен үскенелеў жергиликли бюджет ҳәм қосымша қаржылар есабынан әмелге асырылыўы белгиленгенлиги;

Шет тиллерин оқытыўда кәнигелестирилген мектеплерге бириктирилген жоқары оқыў орынлары шет тиллерин оқытыў бойынша таяныш жоқары оқыў орны сыпатында белгиленгенлиги ҳәмде оларға Агентликтиң аймақлық ўәкиллери жайластырылыўы белгиленгенлиги;

е) Шет тиллерин оқытыў сыпатын асырыў, илимий-излениўлер көлемин кеңейтиў, халықтың шет тиллерин үйрениўге болған қызығыўшылығын асырыў бойынша комплекс ис-илажлар дәстүри 3-қосымшаға муўапық;

билимлендириў системасында шет тиллерин оқытыўды жетилистириўге байланыслы мақсетли көрсеткишлер 4-қосымшаға муўапық тастыйықланғанлығы;

ж) Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси Баслығы, ўәлаятлар ҳәм Ташкент қаласы ҳәкимликлери өз аймақларында шет тиллерин үйрениўдиң сыпатын жақсылаў мақсетинде:

ҳәр жылы район (қала)дағы мектеплерди шет тиллерин оқытыўда зәрүр болған әдебиятлар, әсбап-үскенелер, заманагөй хабар технологиялары менен тәмийинлеўге жергиликли бюджеттен 1 млрд. сумнан кем болмаған муғдарда қаржы ажыратып бериў;

Агентлик ҳәмде Өзбекстан Республикасы Сыртқы ислер министрлиги менен биргеликте улыўма улыўма улыўма билим бериў мәкемелерине тил ийеси болған шет елли қәнигелерди қамтып алыўды жолға қойыў, олардың қамтып алыныўы, жайғастырылыўы менен байланыслы байланыслы қәрежетлерди қаплаў жергиликли бюджет қаржылары есабынан әмелге асырып барыў тапсырылғанлығы;

Агентлик пенен биргеликте ҳәр бир район (қала)да ашық таңлаў өткерип, Қарақалпақстан Республикасы, ўәлаятлар ҳәм Ташкент қаласынан кеминде еки инглис тили пәни муғаллимлери ҳәмде бир басқа шет тили пәни муғаллиминиң шет мәмлекетлерде қысқа мүддетли қәнигелик арттырыўға жибериў системасын жолға қойыў тапсырылғанлығы мағлыўмат ушын қабыл етилсин.

3. Улыўма орта билим бериў мектеплери жумысларын муўапықластырыў бөлими (М.Асеметдинов)не:

бир ай мүддет ишинде шет тиллерин оқытыўға қәнигелестирилген мектеплердиң материаллық-техникалық тәмийинлениў ҳалатын толық хатлаўдан өткериў;

хатлаў нәтийжесине қарап бул мектеплердиң 2022-жылдан баслап инвестиция дәстүрине киритиў бойынша усыныс таярлаў ўазыйпалары жүклетилсин.

4. Руўхыйлық-ағартыўшылық тәрбия ҳәм мектептен тыс билимлендириў бөлими (Р.Тәңирбергенов)не:

Жоқары оқыў орынлары менен биргеликте улыўма орта билим бериў мектеплери ҳәмде “Бәркамал әўлад” балалар мектеплеринде инглис тили бойынша дөгерек жумысларының үзликсиз алып барылыўы бойынша тийисли жумысларды алып барыў ўазыйпасы тапсырылсын.

5. Усы буйрықтың орынланыўын қадағалаў министрдиң биринши орынбасары ў.ў.а Қ.Бекбаўлиевқа жүклетилсин.

**Министр** **Р.Реимов**

Нөкис қаласы
2021-жыл «09» июнь
№ 143